




TOUT MOUN KA BEZWEN ASISTANS DE TANZANTAN.



Si ou gen yon defisyans developmantal epi ou panse ke kèk asistans ka rann li pi fasil pou w viv lakay ou oswa nan rezidans ou (sa enkli lojman asiste ak lojman pataje), ou ta ka enterese aprann sou sèvis adomisil ki ofri asistans ak transpò, manje, travay menaje, swen pèsonèl, ak plis ankò.



3 West Road
Cranston, RI 02920



SÈVIS AK SIPÒ ALONTÈM POU GRANMOUN KI GEN TWOUB DEVELOPMANTAL

- **Nou sousye de bezwen ou.**
- **Nou sousye de sa ou vle.**
- **Men, sitou, nou sousye de moun ou ye a.**





Ou gen opsyon.

Gen plizyè tip asistans. Ou ka resevwa anpil nan sèvis sa yo kote w ap viv la, tankou lakay ou oswa nan kay oswa nan yon apatman yon lòt moun. Si w pa wè tip asistans w ap chèche a, tanpri kontakte nou kanmenm. Gen anpil chans pou nou ede w jwenn sa ou bezwen.

■ **Konpayi:** vizit yon moun ki ka pran nouvèl ou, pataje konvèsasyon, epi kenbe ou konpayi

■ **Sèvis lajounen:** sant lajounen pou granmoun bay swen, konpayi, manje, aktivite lwazi, epi èd ak medikaman, sante, ak swen pèsonèl.

■ **Asistans alimantè:** manje prepare yo delivre nan rezidans ou, oswa transpòtasyon nan yon pwogram oswa sant kominotè ki tou pre pou manje

■ **Swen sante adomisil:** sèvis swen enfimye ki kalifye a kout tèm; terapi fizik, terapi lapawòl, oswa terapi okipasyonèl; sèvis asistan enfimyè ki sètifye (CNA).

■ **Modifikasyon lojman:** evalyasyon pwofesyonèl espas w ap viv la a pou rekòmande chanjman ki pral rann li pi sekirité ak pi fasil pou viv ladan l

■ **Sèvis èd menaje adomisil:** Itravay menaje lejè, preparasyon manje, lesiv, fè makèt

■ **Jesyon medikaman:** ede w òganize epi pran medikaman sou preskripsyon ou yo

■ **Sèvis preventif LTSS:** pwofesyonèl medikal yo bay vizit byennèt ak swen, konsèy, ak edikasyon

■ **Swen pèsonèl:** ede nan travay chak jou tankou manje, kouche ak leve nan kabann, benyen, okipe de ijyèn, itilize twalèt, ak abiye.

■ **Sistèm repons pou ijans:** yon aparèy ou mete oswa ou genyen toupre ou; li ka voye èd byen vit nan ka yon ijans

■ **Asistans pou medikaman sou preskripsyon:** ede peye pou tout oswa kèk nan medikaman sou preskripsyon ou yo

■ **Swen Prensipal:** sèvis sante founisè swen prensipal yo

■ **Transpò:** ka bay transpò pou ale nan randevou medikal, pou fè acha, ak pou kèk aktivite lwazi

Opsyon ki baze sou disponiblite ak elijiblite

W ap mande tèt ou si w kalifye pou sèvis yo?

Home and Community-Based Services/ Sèvis nan kay ak nan kominote a (HCBS) delivre ba ou lakay ou oswa nan yon anviwònman ki sanble lakay ou nan kominote a.

Pou moun ki gen revni ki fèb. HCBS disponib atravè pwogram Medicaid Long-Term Services and Supports/Sèvis ak sipò Medicaid alontèm (LTSS) epi yo bay yo gratis oswa a yon pri redui. Pou kalifye pou pwoteksyon Medicaid., ou dwe ranpli kondisyon finansye yo epi demontre bezwen.

Si ou pa kalifye pou Medicaid, gen lòt opsyon ki disponib pou ou. Nou pral ede w aprann plis sou tout sèvis ki disponib pou sitiyasyon espesifik ou a.

Kijan pwosesis la fonksyon?

Navige nan sistèm swen alontèm lan ka difisil, men ou pa oblige fè li poukонт ou. Nou pral travay kole kole avèk ou pou kreye yon plan endividylèl epi detèmine elijiblite ou. Nou la pou reponn kesyon ou yo epi eksplike detay yo.

Gen kat etap debaz:

1. CKonekte w ak yon Konseye Opsyon gratis

Nou aprann konnen ou antanke moun, diskite sou objektif ou, epi aprann sa ki pi enpòtan pou ou. Nou pral pale avèk ou sou ki jan kèk èd siple-mantè ta ka rann lavi ou pi fasil ak pi agreyab.

2. Diskite sou opsyon ou yo

Ansam, nou pral diskite sou diferan sèvis pou detèmine kiyès ki ka pi bon pou ou. Natirèlman, ou kapab mete yon manm fanmi oswa yon zanmi nan konvèsasyon sa a.

3. Prepare plan ou

Dapre konvèsasyon nou yo, nou pral prepare yon plan alekri ki pral gen ladann kote ou vle viv, sipò ak sèvis ki nesesè yo, ak sa ki nesesè pou jwenn yo.

4. Detèmine elijiblite w ak kòmanse

Nou pral detèmine elijiblite w pou sèvis ak sipò ki ta ka kouvri pa Medicaid ansam ak sa ki ta dwe finanse pa ou menm, fanmi ou, oswa atravè asirans oswa lòt pwogram posib.

Yon mesaj pou zanmi ak fanmi

Si ou ede pran swen yon adilt ki gen defisyans entelektyèl oswa ede yo pran desizyon, nou pataje yon misyon komen: ede yo kontinye viv lavi yo renmen an. Sa ta ka vle di k ap viv poukонт yo lakay yo oswa alèz nan yon rezidans asiste ki bay sipò. Ou jwe yon wòl enpòtan nan rann sa posib.

Anpil resous Rhode Island ofri enfòmasyon itil ak sipò enpòtan anpil pou leve defi ki lye ak wòl moun k ap bay swen. Nou pral ede ou jwenn resous ki reponn pi byen ak bezwen ou yo.

Di nou kijan nou ka ede.

Lè w pare pou w aprann plis, kontakte MyOptionsRI.

MyOptions.RI.gov | (401) 462-4444

Nòt:

MyOptionsRI
The help you need, wherever you live.



MyOptionsRI is a service of the State of Rhode Island.